



## Fè yon Chèdèv

### Rolling Action Art "Atizana kote gen mouvman roule"

Gade **aktivite sa** nan chanèl YouTube.

Teknik "aksyon" pou pentire inabityèl sa ak mab oubyen boul konbine fizik, atizana, ak pwòp mouvman'w. Li kreye yon konbinyasyon pafè de kreyativite, eksperimantasyon, ak obsèvasyon pou timoun.

#### Kisa ke ou bezwen:

- Plato pou tat, yon bwat ki pa fon oubyen kouvèti yon bwat, oubyen kontenè ap kouvèti
- Mab oubyen boul
- Pentti Tempera
- Bòl ak kiyè
- Papye
- Tep



#### Kisa pou fè:

1. Tepe yon moso papye nan yon plato tat oubyen tèt yon bwat.
2. Ajoute yon tikal penti Tempera nan sèvyèt papye nan yon bòl.
3. Mete mab yo ak boul yo nan yon bòl epi roule yo pou kouvri yo ak penti.
4. Apre sa, lage mab ki kouvri ak penti ak boul yon sou yon papye.
5. Roule yo e kreye yon desen ki inik



Konsèy: "Aksyon" pentire sa kapab vinn yon eksperyans ak tout kò'w! Ankouraje timoun yo pou fè pentire lè yo bouje plato tat la olye de ranmase boul yo. Kite mouvman timoun lan, ak mab e boul yo, fè tavay lan pou kreye yon chèdèv.

#### Bagay pou Eseye:

- Eksperimante pa lage penti nan plato an anvan, epi ajoute mab yo. Eske mab ki pa pentire bay yon diferan efè?
- Kreye pi gwo travay atizana si ou sèvi ak yon pisin pou timoun ak yon varyete de boul ki gwo e teksti diferan.

#### Bagay pou panse ak yo:

- Kisa kap pase nan kontenè an?
- Kijan ke mab/boul yo bouje lè ou panche kontenè an?
- Eske ou kapab bouje mab/boul yo dousman? Nan yon ron? Nan tout kontenè a?
- Kisa ki pase nan kontenè a lè ou tranpe mab yo nan penti diferan koulè?

Jwenn plis aktivite pou lakay ou nan <http://discoveryacton.org/discovery-home>.